

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Kumpulan carpon *Ki Merebot* karangan Ahmad Bakri téh karya anu ngirut ati patali jeung humor-humor nu nyampak dina éta carpon. Kitu deui perkara téma, alur, tokoh jeung watek, latar jeung caritaanana, ngahudang kapanasaran pikeun nu maca sangkan neuleuman jeung matalikeun éta humor jeung pangajaran maca SMP VII. Ngaliwatan métode formal, kaguar humor-humor anu nyampak dina éta kumpulan carpon, boh éta anu diselipkeun dina téma, boh dina galur, noh dina latar, boh dina tokoh jeung penokohan. Dipilihna métode formal lantaran ieu métode formal teu bisa dipisahkeun jeung tiori strukturalisme.

Tina hasil panalungtikan kapanggih, yén téma dina carpon-carpon téh ngeunaan kaagamaan. Nilik unsur séjénna nya éta latar (tempat, waktu jeung sosial). Dina ieu kumpulan carpon téh latar tempat kabagi kana dua tempat, nya éta, pilemburan jeung pasantrén. Dua tempat anu diangkat ku Ahmad Bakri, tétéla digambarkeun ogé kumaha kahirupanana sacara sosial. Dina latar sosial ieu, réa kapanggih situasi-situasi anu nyaritakeun pasualan kaagamaan. Saperti situasi solat, situasi bulan ramadhan di lembur, jeung situasi kahirupan di pasantrén. Latar waktu anu digambarkeun ku pangarang, éstu kabaheulaan. Sanajan dina carpon-carponna teu dituliskeun ngeunaan taun dijieunna, tapi dialog jeung situasi masarakatna katut tempatna nandakaeun kana éta hal. Saperti kaayaan masarakat waktu nyanghareupan bulan romadhon jeung waktu sajeroning bulan romadhonna. Dina nyieun karakter tokoh, pangarang bangun teu maliré kana pasualan karakter naha éta tokoh antagonis, naha éta tokoh protagonis, karakter ngaguluyur bareng jeung caritana. Dina kumpulan carpon ieu mah karakter anu dihirupkeun téh éstu tokoh anu resep heureuy atawa sakapeung *jail*, copélna mah loba *kejutan* dina karakter tokoh-tokohna.

Tina hasil analisis ngeunaan fakta carita (strukturna) nu ngawengku galur carita, latar atawa *setting*, tokoh jeung watekna kapanggih aspék-aspék humor nu nyampak dina ieu carpon. Tina éta hal, bisa kapanggih yén Ahmad Bakri kaasup

sastrawan Sunda resep kana humor. Tapi lain ukur humor anu samanéa, humor dina carpon-carpon Ahmad Bakri ngandung unsur-unsur kritik. Kritikan dina humor-humorna téh lain baé nyampak dina pergaulan tapi ogé nyampak ogé humor keur sorangan. Ngaliwatan dua jenis humor ieu pangarang bangun tapis nyelip-nyelipkeun kritikanana boh éta keur dirina, boh keur kaayaan sosial masarakat alam harita. Ngaliwatan humorna, Ahmad Bakri geus hasil midangkeun tur nepikeun kritik-kritikan nu sipatna seger jeung hampang tapi ogé lenyepaneun.

Dumasar hasil ieu panalungtikan, dicindekkeun yén kumpulan carpon *Ki Merebot* karya Ahmad Bakri bisa dijadikeun alternatif pikeun bahan pangajaran maca di SMP, lantaran gaya nepikeun caritanana maké gaya humor anu alam kiwari dipikaresep ku masarakat, hususna ka barudak salaku pelajar sakola.

## 5.2 Saran

Ieu panalungtikan nu maluruh aspék humor dina karangan Ahmad Bakri sarta dipatalikeun jeung pangajaran maca di SMP, geus bisa ngeuyeuban dunya atikan katut panalungtikan nu dilaksanakeun saméméhna. Ku euyeubna panalungtikan tangtuna waé mangaruhan kana bahan pangajaran di sakola. Ku ayana bahan pangajaran anu diselip-selipan ku humor jadi hal anu anyar sarta matak ngirut ka siswa. Tapi teu sakabéhna sampurna, patali jeung ieu hal, aya sawatara saran pikeun kamajuan dunya kasusastraan jeung dunya atikan, nyaéta, perlu dilaksanakeun deui panalungtikan kana karya sastra Sunda séjénna anu sarua ngandung aspék humor. Utamana mah humor kakiwarian.